

Dwa Fanmi Ou

nan Entèvansyon Bonè

Vil New York

Pwogram
Entèvansyo
Bonè

Pi Bonè, Pi Bon

Evalyasyon	<ul style="list-style-type: none">☺ Ou gen dwa pou di wi oswa non pou fè yo egzaminen oswa evalye pitit ou.
Chwa	<ul style="list-style-type: none">☺ Ou gen dwa pou chwazi kimoun ki pou evalye pitit ou (evalyatè a).☺ Ou gen dwa pou chwazi kowòdonatè sèvis nòmal ou nan reyinyon pou plan sèvis ki adapte pou pitit ou. <i>Ou pa kapab chwazi founisè sèvis ou oswa espesyalis terapi w.</i>☺ Si ou kite Entèvansyon Bonè (Early Intervention, EI), ou kapab chwazi pou retounen nenpòt lè jouk lè pitit ou vin gen twazan daj.
Pèmision	<ul style="list-style-type: none">☺ Ou gen dwa pou di wi oswa non pou enskri pitit ou nan EI.☺ Ou gen dwa pou di wi oswa non pou nenpòt nan sèvis yo ofri ou avèk EI. Si ou pa vle yon sèten sèvis, ou kapab di non pou sèvis la epi ou ka toujou jwenn lòt sèvis ou dakò pou resevwa yo.
Konfidansyalite	<ul style="list-style-type: none">☺ Ou gen dwa pou kenbe enfòmasyon sou pitit ou ak fanmi ou konfidansyèl. Ou dwe bay yon pèmision alekri anvan pou nou voye enfòmasyon yo ba moun oswa ajans ki p ap travay nan EI.
Reyinyon yo	<ul style="list-style-type: none">☺ Ou gen dwa pou patisipe nan—ak envite lòt moun nan—tout reyinyon kote n ap pran desizyon sou evalyasyon oswa sèvis pitit ou.
Asirans	<ul style="list-style-type: none">☺ Ou gen dwa pou konnen si nou pral itilize asirans ou pou peye pou sèvis EI. Si nou itilize asirans ou, ou p ap gen frè pou ou peye dirèkteman.
Avi Alekri	<ul style="list-style-type: none">☺ Ou fèt pou resevwa yon avi alekri anvan nou fè yon chanjman nan evalyasyon pitit ou, nan kalifikasyon li oswa nan sèvis yo.
Dosye Pitit Ou	<ul style="list-style-type: none">☺ Ou gen dwa pou gade kèlkeswa dosye ki konsène pitit ou.☺ Ou gen dwa pou resevwa yon kopi dosye sa yo.☺ Ou gen dwa pou mande pou yo fè yon chanjman nan nenpòt dosye.

Si ou gen kesyon oswa si ou pa dakò avèk yon desizyon:

1. Pale avèk kowòdonatè sèvis ou. L ap kapab ede ou avèk pifò kesyon ou yo.

2. Rele Biwo Rejyonal la pou mande pou pale avèk yon Asistan Direktè:

Bronx: 718-838-6887 • Brooklyn: 718-694-6000 • Manhattan: 212-436-0900
Queens: 718-553-3954 • Staten Island: 718-568-2300

3. Rele Zafè Kliyan Entèvansyon Bonè: 347-396-6828

4. Si yon pwoblèm pa rezoud oswa ou pa dakò ak yon desizyon, ou toujou gen dwa mande pou desizyon an rekonsidere. Se sa nou rele pwosedi ofisyèl. Men kèk nan dwa ou genyen pou pwosedi ofisyèl:

- 🔍 **Medyasyon:** Se yon fason pou diskite sou enkyetid ou yo avèk EI, epi ak yon medyatè (yon moun ki pa konsène nan sitiasyon an ki kapab ede ou jwenn yon solisyon).
- 🔍 **Odyans san Paspouki:** Se yon pwosedi fòmèl kote yon jij lwa administratif koute enkyetid yo epi pran yon desizyon.
- 🔍 **Plent kont Sistèm yo:** Se lè ou mande Depatman Sante Eta New York pou yo fè ankèt sou yon pwoblèm.

Pou medyasyon, voye yon lèt ba:

Director of Consumer Affairs
NYC Early Intervention Program

42-09 28th St.
Long Island City, NY 11101

Telefòn: 347-396-6828

Faks: 347-396-8977

Pou yon odyans san paspouki oswa pou depoze yon plent kont sistèm yo, voye yon lèt nan adrès:

New York State Department of Health
Bureau of Early Intervention

Corning Tower, Empire State Plaza
Albany, NY 12237

Telefòn: 518-473-7016

Faks: 518-486-1090